**Date** : April 11, 2014
**Nimewo Pwogram Nan** : 0932
**Tit Pwogram Nan** : Danyèl 7:7-13

Bonjou, bonswa byenvini nan etid la pou jounen an, pasaj nou se Danyèl 7:7-13.

N'a fè w' sonje etid nou yo toujou disponib 24/24 sou sit entènèt nou ki se ttb.twr.org/Creole. Nan sit la ou kapab koute nenpòt nan pwogram nou yo, ou kapab li eskrip yo, telechaje yo e menm pataje lyen avèk yon zanmi. Adrès la yon fwa ankò se ttb.twr.org.

Epitou, nou toujou apresye pran nouvèl ou, ou kapab ekri nou pa mwenyen adrès elektwonik nou ki se creole@twr.org. Ou kapab ekri pou fè yon kòmantè, poze yon kesyon, pataje yon temwayaj ou nenpòt lòt rezon. Imel la se creole@twr.org.

Kounyea annou pwoche kote Bondye Papa a nan lapriyè.

Bondye Papa nou remèsye W' pou doub privilèj sa a ke nou genyen pou n' kapab non sèlman pwoche kote W' nan lapriyè men tou etanche swaf nou nan dlo Pawòl ki bay lavi a. Pawòl Ou se lavi e se Ou sèl ki bay lavi. Vivifye nou nan moman Senyè kite reflè prezans Ou manifeste nan lavi nou. Ke se volonte W' e volonte W sèlman ki fèt nan nou e pami nou. Se nan non Bondye Pitit la, Li menm ki chita sou twòn nan sou bò dwat Ou a ke nou priye W', amèn.

Ou nan etid biblik Atravè Labib e pasaj nou se Danyèl 7: 7-13.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Danyèl 7 :7 *Antan m'ap gade toujou nan vizyon mwen t'ap fè jou lannwit sa a, yon katriyèm bèt parèt. Li te sovaj anpil. Depi ou gade l' se pou ou pè. Li te gen anpil fòs avèk gwo dan an fè. Li t'ap manje tou sa ki tonbe anba bouch li, li kraze yo ak dan li, li pilonnen rès la anba pye l'. Li pa t' sanble menm ak twa lòt bèt ki te parèt anvan l' yo. Li te gen dis kòn.*

Bèt sovaj non idantifye ak dis kòn sa a reprezante anpi women an, ke nan rèv Nebikadeneza a yo te indantifye ak janm an fè yo. Yo va entèprete sa an detay pou nou nan vèsè 19-28 yo. Nou va sèlman konsidere entèpretasyon Pawòl Bondye a bay la e konsa evite tout lòt espekilasyon.

Yo aksantye sou bèt non idantifye a plis pase tout lòt twa bèt yo mete ansanm. Seksyon sa a trè enpòtan pou nou paske n'ap viv nan epòk katriyèm bèt la, epòk lè dis zòtèy ak kòn yo kòmanse manifeste tèt yo a.

Katriyèm bèt la te kategorikman diferan ak lòt twa premye yo, e se pa t nan menm vizyon an li te wè l'. Sa se te yon lòt vizyon separe.

Danyèl di: " *Li te sovaj anpil. Depi ou gade l' se pou ou pè. Li te gen anpil fòs…"* Se sovajri ak pisans li ki te karakterize bèt ki reprezante anpi Women an. Li simaye terè ak laperèz e l' pa t' sanble ditou ak wayòm ki te vin anvan l' yo.

" *Li te gen anpil fòs avèk gwo dan an fè."* Ou ka konpare dan an fè sa yo ak janm an fè estati milti metalik wa Nebikadneza te wè nan vizyon l' lan, e fè a ap pale sou anpi women an. Annefè, talon fè anpi Women an te peze kou monn nan pandan tout yon milenè. Yo fè anpil kòmantè sou anpi Women an, e jouk kounyea

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

anpi sa a kontinye ebayi itsoriyen yo. Gibbon te fè yon kòmantè pou di: "Anpi Women an ranpli monn nan, e lè anpi a te tonbe nan menm yon sèl moun, monn nan te tounen yon prizon sonm e sekirize pou lenmi li yo. Reziste te fatal e l' te enposib pou sove."

Yon lòt otè yo rele Dr. Robert D. Culver nan yon trè bon liv li ekri sou Danyèl ki rele "Decoder of Dreams, Entèprèt Rèv" te deklare: " Demil an pase, Wòm te deja bay lemonn inite ekimenik Lig Nasyon Yo e òganizasyon Nasyonzini yo ap chache bay monn nan jodia. Kontrèman a sa anpil moun panse, efò kontanporen yo pa orijinal ditou, yo se reyaparisyon ideyal Wòm ansyen an yon konsèp ki kòmanse depi tan Seza Ogis yo e ki pa janm fin totalman disparèt."

Sonje m' souliye plizyè fwa anpi Women an gaye men l' pa t' janm totalman disparèt. Li toujou egziste nan anpil nasyon Ewopeyen, nan nasyon yo ki sou kòt lanmè Mediterane a e sou nò kontinan Afriken an, tout nasyon sa yo te fè pati anpi Women an. Se pa t' yon lòt nasyon ki te vin konkeri Wòm, Wòm te tou sempleman vin twò lou pou tèt li e te oblije separe an plizyè nasyon.

Bèt non idantifye sa a te gen dis kòn, sa ki evidamman koresponn ak dis zòtèy yo nan estati rèz Nebikadneza a. Anfaz la isit la pa chita sou orijin anpi a, men pito sou dènye tan yo, tan lè dis kòn yo pral feraye a.

Vizyon katrayèm bèt la vin ankò pi enpòtan pou nou paske sa l'ap pale yo se bagay fiti ki poko akonpli. Nou gen enpresyon sanble n'ap viv nan yon epòk ki pre lafen dimonn. Remake vizyon twa premye bèt yo deja fin akonpli a san pou san, sa vle di 3/4 nan pwofesi biblik yo deja fin akonpli literalman; sa vle di sèl opsyon ki rete se tan ti kòn yo. Katriyèm wayòm nan, ki se anpi Women an te deja parèt. E malgre jodia li epapiye y'ap gen pou yo

© Trans World Radio

rapyesye l' e reyinifye l' sou fòm dis ti wayòm. Se nonm Labib rele Antikris la ki va reyinifye anpi Women an.

Danyèl 7 :8 *Antan m'ap gade kòn yo konsa, mwen wè yon lòt ti kòn tou piti k'ap pouse nan mitan yo. Li rache twa nan kòn ki te la deja yo. Ti kòn sa a te gen je tankou moun ak yon bouch ki t'ap di tout kalite pawòl awogan pou joure Bondye.*

Apre l' fin dekri nou bèt la otan l' kapab, Danyèl kounyea ap atire atansyon nou sou kòn yo. Remake byen ti kòn sa yo pa reprezante yon senkyèm wayòm. O total se sèlman kat wayòm ki genyen e jodia a nou nan katriyèm lan. Men katriyèm wayòm lan ki se anpi women an gen plizyè faz. Nan menm katriyèm wayòm lan, nan vizyon an yo di sou tèt katriyèm bèt la va gen dis kòn ki pouse. Sa se dènye etap la, li mache avèk dis zòtèy an fè e an tè kwiv Nebikadneza te wè nan vizyon milti metalik li a. Sa vle di metal fè a ki reprezante anpi Women an toujou la, Wòm toujou la men kounyea gen yon lòt eleman ki vin ajoute nan ekwasyon an se tè an kwiv la e pa nati tè an kwiv se yon eleman ekstrèman fèb. M' panse metal fè a reprezante reny otokrat yon diktatè e tè kwiv la reprezante mas yo, yon demokrasi.

Onètman, nou ka note kalite feblès sa yo nan demokrasi nou yo jodia. Nou trè fyè de libète nou genyen an, e pou di vre n'ap di Bondye mèsi pou sa, men se prèske yon ti jwèt pou wè sa mwen menm avè w' kòm senp sitwayen nou peze nan balans lan. Alafen mwen menm avè w' pa tèlman enpòtan nan sistèm nan vre. Wi, de tanzantan nan peryòd eleksyon politisyen yo toujou fè nou sonje jan nou se moun enpòtan, moun edike ki konn chwazi. Men ofon nou pa vrèman gen anyen pou wè ak kontwòl gouvènman an ou menm chwazi yon prezidan. Se lòbiyis yo, medya yo ak gran palè yo ki fè chwa yo pou nou. Pa gen dout m' trè rekonesan e remèsye Bondye pou libète sa a nou genyen an men ofon yo deja

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

fin pran tèt nou pou fè nou panse sèlman sa yo ta vle nou panse a.

Modèl gouvènman ideyal Bondye a pa yon demokrasi men pito yon diktati absoli. Lè Senyè Jezi va vini pou dirije latè, Li pa pral nan fè sondaj, mande pèsonn sa yo ta renmen L' entegre nan pwogram gouvènman L' lan. Se Li ki va chwazi pou kò L' e lemonn va oblije soumèt devan L' e egzekite tou sou sa L' di ala lèt. Sa se yonn nan rezon kifè l' trè enpòtan e bokou mye pou mwen menm avè w' ta konfòme nou konplètman nan imaj Li; paske sankwa nou pap ka fonksyone ditou nan gouvènman otokrat Li a. Sonje m' te di w' nan epòk sa a menm yon kòk pap ka chante san pèmisyon Gran Wa ki chita sou twòn nan. Anfèt pa va gen opozisyon, pap ka gen opozisyon paske Senyè a va elimine tou sa k' pa fè L' plezi, ke moun ke choz depi yon bagay pa fè L' plezi, pa gen plas pou Li nan wayòm Li a.

Se kòripsyon entèn, imoralite ak tafya ki te lakòz pèt anpi women an. Tafya se yon eleman komen ki te jwe yon wòl aktif nan pèt toule kat anpi yo. Dr. McGee di jodia Ozetazini nou di dwòg se yon pwoblèm; poutan yo legalize alkòl. Men se ki moun n'ap pase nan rizib la a? Gen plizyè milyon tafyatè jodia se nan gwo fòse pou wè si yo ta rive kenbe ti djòb yo genyen an. E sa, san konte kantite mandanm e menm timoun ki vin tafyatè pa fòs e ki pa menm figire nan estatistik yo. E byensouvan toutotan moun sa yo pa entène lopital, fèmen nan yon azil mantal ou komèt sisid nou konn pa janm tande pale de yo. Dr. McGee di sa se imaj Lèzetazini nan tan nwasè sa yo kote n'ap viv la.

Yo va tounen mete anpi women an kanpe sou de pye militè l' ankò, e se enteresan pou wè lèzòm, jodia, ap chache mwayen, ap chache yon moun pou wè si yo ta fè egzakteman sa. Istoriyen alman yo rele Hoffman nan te di: " Lè Alman ak Slav yo te kon avanse antre sou teritwa anpi women an, ki vle di nan pozisyon

© Trans World Radio

istorik anpi Women an, prens yo te konn marye ak fanmi women yo. Charlemagne pa egzanp te gen san Women k'ap koule nan venn li, e prèske nan menm epòk la Anperè Alman Otho II e gran prens Ris yo rele Vladimir lan te marye ak pitit fi anperè pati lès anpi women an. Kalite relasyon sa yo te trè kouran pami nasyon yo ki te vin entegre anpi Wòm an; yo pa t' jwenn yon lòt anpi men pito kontinye ak anpi Women an. L'ap kontinye konsa pou rive jouk nan fen pisans terès yo, jouk lè l' va rive nan dènye etap li avèk asosiyasyon dis ti wayòm yo. Pou n' ta eseye retire sa nan pwofesi yo se tankou si n' ta eseye fikse retou Kris la ( de evenman ki lye yonn ak lòt) pou denmen ou apre denmen."

Danyèl di tou nan vèsè 8 la : " *…Mwen wè yon lòt ti kòn tou piti k'ap pouse nan mitan yo. Li rache twa nan kòn ki te la deja yo."* Kounyea se ti kòn tou piti a ki vin sant atansyon an, se li k' vin pran kontwòl tout sitiyasyon an. Li dechouke twa nan dis kòn yo e plase l' sou tèt tout lòt yo. A vrè di m' pa konnen ki moun ou ki peyi dis wayòm sa yo ye men nou konnen yo soti nan dezentegrasyon ansyen anpi women an.

*" Ti kòn sa a te gen je tankou moun…"* Sa demontre entelijans emen ou siperyorite entèlèktyèl moun sa a.

*" Ak yon bouch ki t'ap di tout kalite pawòl awogan pou joure Bondye."* Tankou m' di w' moun sa a se nonm Satan an menm e isit la nou ka wè jan l'ap blasfeme Bondye.

## VIZYON PITIT LOM NAN K'AP VINI SOU NYAJ YO NAN SYEL LA

Danyèl 7 :9 *Mwen t'ap gade toujou, mwen wè yo ranje yon bann fotèy. Yon granmoun ki te la depi nan konmansman vin*

© Trans World Radio

*chita sou yonn nan fotèy yo. Rad ki te sou li a te blan kou koton. Cheve nan tèt li te tankou lenn mouton byen pwòp. Fotèy li a te tankou flanm dife, li te moute sou wou ki te tankou chabon dife tou limen.*

Kounyea kamera a chanje pozisyon pou fikse sou syèl la e l' revele nou twòn Bondye a. Sa se menm sèn yo dekri nou nan Revelasyon chapit 4 ak chapit 5 yo. L'ap dekri preparasyon jijman Grann Tribilasyon an e dezyèm vini Kris la sou tè a.

Danyèl di: " *Mwen t'ap gade toujou, mwen wè yo ranje yon bann fotèy."* Deskripsyon sa a koresponn ak Revelasyon 4:4. Tandiske nan liv Revelasyon an Jan mansyone kantite ansyen ki genyen ak plizyè lòt detay, Danyèl li menm pa t' aksantye sou sa paske resi li a pa gen okenn masyon legliz ak avni legliz la ladan l'.

*" Yon granmoun ki te la depi nan konmansman vin chita sou yonn nan fotèy yo."* Granmoun sa a se Bondye Jehovah a, Bondye etènèl la.

*" Rad ki te sou li a te blan kou koton."* Sa ap pale sou atribi sentete ak dwati Bondye yo.

*" Cheve nan tèt li te tankou lenn mouton byen pwòp."* Cheve blan yo ap pale sou sajès enfini Bondye a.

*" Fotèy li a te tankou flanm dife…"* Flanm dife a endike jijman (ou ka li Revelasyon 4:5 sou sa).

*" … Li te moute sou wou ki te tankou chabon dife tou limen."* Sa endike enèji ak pisans Bondye ki toujou ap travay san kanpe a. (ou ka li Ezekyèl 1:13-21 sou pwen sa a.)

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Danyèl 7 :10 *Dife t'ap koule soti nan fotèy la devan li tankou yon larivyè. Te gen mil milye moun la ki t'ap sèvi l'. Te gen dimil milyon moun kanpe la devan l'. Tribinal la te pare pou jijman an. Yo louvri liv yo.*

Remake jijman sa a diferan avèk jijman ki va fèt devan Gran Twòn blan an apre tan wayòm Milenè a. Sa se preparasyon pou jijman Grann Tribilasyon an e retou Kris la pou etabli wayòm Milenè Li a sou tè a. (Ou ka li Revelasyon 5:11-14 sou sa.)

Danyèl 7 :11 *Antan mwen t'ap gade, mwen tande vwa ti kòn lan ki t'ap pale byen fò avèk awogans. Antan m'ap gade konsa, yo touye katriyèm bèt la, yo pran kadav li, yo voye l' nan dife a, li boule nèt.*

Pandan nan syèl la Bondye ap prepare sèn jijman an pou detèmine ki moun ki va antre nan Wayòm nan, sou latè "ti kòn nan" kontinye ap blasfeme non Bondye osi fò ti vwa tou fèb li a te kapab (Revelasyon 13:5, 6 dekri menm sèn sa a tou). Men se bat chen an tann mèt li paske jou jijman ti kòn nan deja fikse e wayòm li a se ka pèdi.

Anfaz dènye wayòm nan, wayòm dènye bèt la reprezante a, pa chita sou orjin li men pito sou finisman l'. "Ti kòn lan" va vini yon ti tan anvan Senyè Jezi tounen pou jije nasyon ak moun ki va vivan toujou yo. Yo rele tan sa a peròd Grann Tribilasyon an.

Danyèl 7 :12 *Yo wete tout otorite nan men lòt bèt yo, men yo kite yo vivan pou yon ti tan ankò.*

Byenke yo te detwi twa premye bèt yo, sanble ideoloji yo t'ap pwopaje nan wayòm sa yo potko fin disparèt yo te ankò prezan e va kotinye manifeste nan peryòd Grann Tribilasyon an.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Danyèl 7 :13 *Nan menm vizyon mwen t'ap fè lannwit lan, mwen wè yon fòm ki te sanble ak yon moun. Li t'ap vini sou tèt nwaj yo nan syèl la. Li pwoche bò granmoun ki te la depi nan konmansman an. Yo prezante l' ba li.*

Isit la, nou wè yo envesti pitit Bondye a ak otorite pou pran wayòm terès yo nan men moun lòt nasyon yo e mete yo sou kontwòl Li ak etablisman wayòm Milenè a. Se sou pasaj sa a Senyè Jezi t'ap fè referans lè yo t'ap jije L' sou sèman devan Sannedren an. Nou li nan Mak 14:61, 62: " *... Granprèt la keksyonnen li ankò, li mande l': -Eske se ou ki Kris la, Pitit Bondye ki merite lwanj la? Jezi reponn li: -Wi, se mwen menm. Nou gen pou nou wè m', mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, chita sou bò dwat Bondye ki gen pouvwa a, n'a wè m' tou ap vini anwo nwaj yo nan syèl la.*" Zanj lan te pwofetize nan moman anons nesans Kris la pou di nan Lik 1:32: " *L'ap vin yon grannèg, y'a rele li Pitit Bondye ki anwo nan syèl la. Mèt la, Bondye nou, va fè l' wa tankou David, gran granpapa li.* "

Pakonsekan sa nou jwenn isit la se yon deklarasyon san ekivòk ki demontre Senyè Jezi se wòch ki te soti kote l' soti san pa t' gen men ki te voye l' pou kraze estati milti metalik Nebikadneza te wè nan vizyon li a, e wòch la va aneyanti estati a pou etabli sipremasi L' e etabli wayòm Li sou tè a an gran jan. Nou li nan Sòm 2:7: " *Wa a di: -M'ap fè nou konnen sa Seyè a deside. Li di mwen: Ou se pitit mwen. Depi jòdi a, se mwen ki papa ou.* " Ekspresyon "Depi jòdi a se mwen ki papa ou" ap fè referans sou jou rezireksyon Kris la non pa jou li te fèt kòm moun nan etab Bètleyèm nan. E sa se pa yon devinèt paske apot Pòl te entèprete sa byen klè pou nou nan Travay 13:33. Salmis la kontinye nan Sòm 2:8 pou di: " *Mande m', m'a ba ou tout nasyon yo pou eritaj ou. M'a ba ou tout latè pou bitasyon ou.* " Gen moun ki pa vle tande sa men se vre, Senyè Jezi pral vin pran wayòm yo nan mon nan sou kont Li. Kòman L' va rive fè sa? Sòm 2:9 reponn: " *W'ap*

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

*kraze ren yo avèk yon baton fè, w'ap kraze yo an miyèt moso tankou yon kannari yo kraze.* " Lè L' va vini sou latè se pa ke wayòm Milenè a va deja fin pare chita ap tann Li non. Okontrè lemonn va kontinye fè rebelyon kont Moun Bondye chwazi a men se konsa Senyè va regle ak yo tou, Li va metrize e elimine tout rebèl e envite moun ki obeyi l' yo antre nan wayòm lan.

Zanmi se nan ki kan w' kanpe? Eske w' pami moun k'ap kriye Ozana mete rad nou atè pou akeyi Senyè a oubyen pami gwoup moun k'ap fè L'. Si w' kont Senyè Jezi zanmi wè pa wè sa va fin mal pou ou. Sa va fini mal paske tout grandizè ti kòn nan ap fè a se fè tan kite tan, jijman deja kouche la ap tann li epi Granmèt la deja fin deside: Moun chwazi va gen pou pran pouvwa a nan men L' e etabli wayòm sou tè a.

Mwen vle kounyea remèsye w' dèske w' te pase moman sa ak nou nan etid Pawòl Bondye a, nou rive nan moman pou nou separe, n'a mande pou Bondye ki gen tout pouvwa a k'ap beni w' an abondans!

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com